

Tout moun ki ap patisipe nan yon Sèvis Renonsyasyon pou Medicaid ki Baze nan Kay ak nan Kominote ap benefisye dwa espesifik konsènan prestasyon sèvis yo epi gen responsablite espesifik pou li resevwa sèvis renonsyasyon yo.

### Renonsyasyon ak dwa patisipan yo

Kòm yon patisipan nan renonsasyon an ou gen dwa pou:

1. Yo enfòmè ou sou dwa ou yo anvan ou resevwa sèvis renonsasyon an;
2. Resevwa sèvis yo san yo pa gade ras, relijyon, koulè, kwayans, sèks, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, eta sivil, oswa andikap;
3. Yo trete ou tankou yon moun avèk konsiderasyon, diyite epi respè li gen ladan l men li pa limite l ak moun, rezidans, epi byen;
4. Yo ofri ou sèvis ki sipòte sante ak byennèt ou;
5. Asime ris rezonab yo epi gen opòtinite pou ou aprann nan eksperyans sa yo;
6. Resevwa yon eksplikasyon sou tout sèvis ki disponib pandan renonsasyon an ak lòt resous sanitè epi kominotè ou ka benefisye;
7. Patisipe oswa chwazi yon moun pou patisipe nan non ou nan devlopman, verifikasyon epi apwobasyon tout pan pou sèvis yo, li gen ladan l nenpòt chanjman nan plan pou sèvis la;
8. Chwazi yon founisè pou Sèvis Kowòdinasyon  
**Remak:** Patisipan nan renonsasyon yo gen dwa pou yo chwazi Ajans founisè, pa yon pèsonèl espesifik pou founisè a.
9. Resevwa asistans nan men Kowòdonatè Sèvis ou pou chwazi Founisè Sèvis ki sòti nan lòt ajans. Ou pa ka chwazi resevwa pifò nan lòt sèvis yo nan menm ajans kote Kowòdonatè sèvis ou ap travay;  
**Remak:** Patisipan nan renonsasyon yo gen dwa pou yo chwazi Ajans founisè, pa yon pèsonèl espesifik pou founisè a.
10. Mande yon chanjman nan sèvis (ajoute, ogmante, diminye oswa kanpe) nenpò kilè;
11. Yo enfòmè ou nèt sou pwosesis pou mande yon konferans ak Sant pou Devlopman Resous Rejyonal epi/oswa yon odyans san patipri lè ou resevwa yon Avi sou Desizyon an oswa nenpòt lè ou ap patisipe nan Renonsyasyon pou tranzisyon nan mezon retrèt ak divèsyon oswa Renonsyasyon pou chòk twomatik nan sèvo;
12. Yo enfòmè ou sou non ak fonksyon nenpòt moun ki se founisè sèvis plan pou sèvis ou an;
13. Gen libète epi sipò pou ou kontwole pwòp orè ou ak aktivite yo;
14. Resevwa sèvis nan men moun ki apwouve, kalifye;
15. Resevwa yon lis non alekri nan men Kowòdonatè Sèvis la, nimewo telefòn, lè ou ap fonksyone, epi sipèvizè pou tout founisè sèvis renonsasyon, Sant pou Devlopman Resous Rejyonal, ak liy pou plent pou renonsasyon;
16. Refize swen, tretman ak sèvis apre yo enfòmè ou nèt epi ou konprann ris potansyèl ak konsekans aksyon ou yo;
17. Fè respekte vi prive ou, li gen ladan l konfidansyalite pou dosye pèsonèl yo, epi dwa ou genyen pou refize bay moun ki pa otorize nan dosye sa a enfòmasyon, sof nan ka kote yo transfere ou nan yon sant pou swen sante oswa lwa oswa egzijans Medicaid yo egzije sa.
18. Soumèt plent sou nenpòt enkyetid konsènan sèvis yo bay yo;
19. Resevwa sipò ak direksyon nan men Kowòdonatè Sèvis la pou rezoud enkyetid ak plent konsènan sèvis ak founisè sèvis yo;

## Renonsyasyon ak dwa patisipan yo (suit)

20. Resevwa sipò ak direksyon anplis nan men pèsonèl pou renonsyasyon nan Sant pou Devlopman Resous Rejyonal ak Depatman sante (Department of Health, DOH) oswa si Kowòdonatè Sèvis ou an pa rive rezoud enkyetid ak plent konsènan sèvis ak founisè sèvis yo;
21. Jwenn yon repons ak plent ou yo epi enfòmè ou sou rezilta a;
22. Mande founisè sèvis ou yo pou yo pwoteje epi fè pwomosyon kapasite ou pou egzèsè tout dwa yo idantifye nan dokiman sa a san ou pa pè pou yo pa atake ou;
23. Pou tout dwa ak responsabite yo site nan dokiman sa a al jwenn responsab legal tribinal ou a chwazi, defansè oswa nenpòt moun ou chwazi pou aji nan non ou;
24. Patisipe nan ankèt konsènan eksperyans ou kòm patisipan nan yon renonsyasyon. Li gen ladan l dwa pou ou refize patisipe nan ankèt konsènan mete an danje patisipasyon ou nan pwogram renonsyasyon an; epi
25. Egzèsè tout dwa ki site la san ou pa pè pou yo pa atake ou.

## Responsabilite Patisipan nan Renonsyasyon an

Kòm yon patisipan nan renonsyasyon an ou responsab pou:

1. Travay avèk Kowòdonatè Sèvis ou pou devlope ak revize Plan pou Sèvis ou an pou asire ou gen yon nouvo otorizasyon Plan pou Sèvis la alè;
2. Dirije epi patisipe aktivman nan sèvis renonsyasyon an jan yo idantifye l nan plan pou sèvis la epi resevwa kowòdinasyon pou sèvis la omwen yon fwa pa mwa;
3. Suiv Sèvis pou plan ou a epi enfòmè kowòdonatè sèvis ou a si gen pwoblèm ki parèt;
4. Pale avèk Kowòdonatè Sèvis ou epi lòt founisè renonsyasyon si ou vle chanje sèvis oswa objektif;
5. Pataje sa ou konnen pi bon fason ou kapab, antesedan medikal konplè ak egzak li gen ladan l tout medikaman yo preskri ou epi sa ou ap pran san preskripsyon epi konprann ris pou asosye yo avèk desizyon konsènan swen ou yo;
6. Enfòmè kowòdonatè sèvis la konsènan tout tretman ak entèvensyon ou patisipe;
7. Kenbe kay ou yon fason pou ou kapab viv an sekirite nan kominote a;
8. Sekirize ak kenbe yon rezidans kominotè ki apwopriye;
9. Poze kesyon lè ou pa konprann sèvis ou yo;
10. Pa patisipe nan okenn konpòtman kriminel. Ou konprann si, ou fè l, founisè sèvis ou yo ka ale, polis ka rele ou epi ou ka gen pwoblèm pou kontinye patisipe nan pwogram renonsyasyon an;
11. Rapòte nenpòt chanjman sou kondisyon sante ou, sikonstans, sipò enfòmèl ak sipò fòmèl pou kowòdonatè sèvis ou an;
12. Bay kowòdonatè sèvis ou a enfòmasyon egzak ki gen rapò ak kouvèti asirans sou Medicaid, li gen ladan l nenpòt avi ki sòti nan Depatman Lokal Sèvis Sosyal konsènan Medicaid, Medicare oswa lòt pwogram asirans medikal;
13. Tavay avèk Kowòdonatè Sèvis ou a pou kenbe Medicaid la aktif;
14. Enfòmè tout founisè yo pi bonè ou kapab si vizit pou sèvis ki te planifye a dwe replanifye oswa chanje;
15. Enfòmè moun ki apwopriye a si ta gen nenpòt pwoblèm ki parèt oswa si ou pa satisfè avèk sèvis yo bay yo;
16. Trete Sant pou Devlopman Resous Rejyonalak founisè sèvis yo avèk konsiderasyon, diyite, ak respè. Montre respè ak konsiderasyon pou pèsonèl ak pwopriyete yo. Pa kreye yon anviwònman ki pa bon pou Sant pou Devlopman Resous Rejyonal ak pou founisè sèvis yo.

**Mwen li Renonsyasyon ak Dwa epi Responsabilite Patisipan yo, oswa yo te li l pou mwen epi mwen konprann kontni yo ak objektif sa ki ekri yo. Mwen konprann lè mwen pa respekte responsabilite ki dekri anwo a, epi/oswa plan pou sèvis aktyèl mwen siyen an sa ka fè yo kanpe sèvis renonsyasyon an epi fini ak renonsyasyon an.**

_____	_____	_____
Aplikan ak Patisipan:	Siyati	Dat
_____	_____	_____
Responsab legal ak komite (si li Aplikab)	Siyati	Dat
_____	_____	_____
Reprezantan otorize (si li aplikab)	Siyati	Dat
_____	_____	_____
Non Sèvis Kòdonatè a	Siyati	Dat

**cc: Tout aktyèl sèvis founisè pou renonsyasyon**